



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE NIVO UTILIZASYON MWBE YO OGMANTE A 25  
POUSAN ATRAVÈ ETA A**

*Yo Prezante Pou Premye Fwa Prim Inovasyon ak Ekselans Carey Gabay yo*

*Lansman Pwogram Mantò-Pwoteje pou Antrepriz Biznis Minorite ak Pwopriyete  
Fanm yo (MWBE)*

*Aksyon yo ki Ajoute sou Rekò Gouvènè an Nan Acheve Opòtinite Egal nan  
Soutretans Leta yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke nivo itilizasyon pou Antrepriz Biznis Minorite ak Pwopriyete Fanm yo k'ap patisipe nan kontra Eta yo te ogmante a 25 pousan pou Lane Fiskal 2015-16 lan, ak MWBE (Minority and Women-Owned Business Enterprises) yo k'ap sekirize anviwon \$2 milya dola nan kontra Eta yo. Gouvènè an te anonse tou premye Prim Inovasyon ak Ekselans Carey Gabay pou Antrepriz Biznis Minorite ak Pwopriyete Fanm yo, ki rekonèt yon kantite MWBE ke yo chwazi poutèt lespri antreprenarya yo ak reyalizasyon nan soutretrans Eta a. An plis, Gouvènè an te lanse yon Pwogram Mantò-Pwoteje (Mentor-Protégé) atravè tout eta a pou kapab fasilite relasyon alontèm yo ant MWBE yo ak antreprenè prensipal yo.

“New York ap mennen nasyon an nan devlope opòtinite yo pou biznis minorite ak pwopriyete fanm yo, epi Fowòm ane sa kontinye ajoute sou siksè sa,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Carey Gabay te reprezante sa ki bon pami nou, epi nan nonmen prim sa yo an memwa li, n’ap kontinye ak avanse ak eritaj ke Carey te travay san kanpe pou kapab garanti, epi selebre gwo reyalizasyon yo de kominote ti biznis divès epi ki solid nou an.”

“Pandan m’ap vwayaje atravè Eta a, mwen te konvoke biznis minorite ak pwopriyete fanm yo pou ede idantifye baryè yo pou kapab reyisi,” **se sa Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Mwen fyè anpil dèske isit la nan Eta New York, nou te jwe yon wòl majè nan ede biznis yo nan etabli yon wo nivo, epi nan pwodwi \$2 milya dola nan kòb kontra leta yo chak ane.”

Ane sa, yon nouvo rekò 2,200 biznis, antreprenè, ak ofisyèl gouvènman yo te anrejistre pou Fowòm lan – ki se pi gwo evènman biznis anyèl New York lan. Tèm Fowòm lan, “Transfòmasyon 2016,” li konsevwa pou enfòme MWBE yo sou estrateji ak resous ki nesèsè yo pou kapab ranpòte kontra leta yo. Fowòm ane sa make tou devwalman

Pwogram Mantò-Pwoteje atravè eta a ki se yon premye nan modèl li an, epi kontinye ak tradisyon pou bay opòtinite pou MWBE yo pou rankontre ajans leta yo ak moun k'ap pran desizyon pami otorite yo pandan y'ap investi dè milya dola nan kontra Eta yo.

### **Nivo Itilizasyon MWBE**

Kle reysit pwogram MWBE an se nan ogmante itilizasyon konpayi MWBE yo nan soutretans leta a. Gouvènè Cuomo te etabli pi gwo objektif nan nasyon an pou kontra MWBE yo rive a 30 pousan. Sou lidèchip Gouvènè an, nivo an te ogmante prèske chak ane depi 2011. Pou dènye ane fiskal ki pi resan an, Ane Fiskal 2015-2016 lan, nivo MWBE yo k'ap patisipe nan kontra Eta yo te ogmante a 25 pousan, sa ki totalize anviwon \$2 milya dola – prèske 50 pousan itilizasyon MWBE te soti nan pwojè konstwiksyon yo ak 30 pousan ki soti nan sèvis pwofesyonèl yo.

### **Prim Inovasyon ak Ekselans Carey Gabay an**

Depi Fowòm MWBE 2013 lan, leta te rekonèt yon kantite MWBE ke yo te chwazi pou lespri antreprenarya yo ak reyalizasyon yo nan soutretans Eta New York lan. Kòmanse apati ane sa, prim yo pral konnen antan ke “Prim Inovasyon ak Ekselans Carey Gabay pou Antrepriz Biznis Minorite ak Pwopriyete Fanm yo.” Carey Gabay te mouri trajikman kòm yon viktim vyolans ak zam nan mwa Septanm 2015 lan a laj 43 an. Anvan lanmò li, Carey te sèvi antan ke yon Konseye Adjwen Gouvènè Cuomo, epi antan ke Premye Konseye Adjwen pou Empire State Development. Pandan manda li an ak Eta New York, Carey te travay san relach pou asire ke pwogram MWBE Gouvènè an te yon reysit.

### **Bousye 2016 yo:**

#### **Prim pou Sèvis Ekstraòdinè ak Defans Sipò Pwogram MWBE Eta New York lan**

- William M. Clay

#### **Prim pou Lespri Antreprenarya ak Reyalizasyon antan ke yon MWBE ke Eta New York Sètifye**

- E. Smith Contractors, LLC
- EJ Construction Group, Inc.
- Electrical Construction Consulting, Inc.
- Gilbert International Group
- Knowledge Builders, Inc.
- Metal Sales Company, Inc.
- ProjectSpan

### **Pwogram Mantò-Pwoteje**

Nan Fowòm ane sa, Eta a te lanse fòmèlman yon pwogram Mantò-Pwoteje atravè eta a

ki se yon premye nan modèl li an. Administrateur pa Divizyon Devlopman Minorite ak Biznis Fanm Empire State Development an, pwogram lan pral fasilite yon relasyon alontèm ant MWBE yo ak antreprenè prensipal yo. Atravè pwogram nan, pwoteje MWBE yo pral resevwa fòmasyon teknik valab ak eksperyans k'ap mete yo nan yon pozisyon pou resevwa yon wòl ki pa sispann agrandi nan zòn soutretans Eta yo kote MWBE yo manke reprezantasyon istorikman. Efò sa yo bati sou inisyativ "Òf & Demann" Divizyon an, ki vize pou idantifye opòtinite ki enpòtan pou MWBE yo nan zòn soutretans gouvènman yo kote yo gen fèb nivo patisipasyon.

## **Òf ak Demann**

[Inisyativ Òf ak Demann lan \(Supply and Demand initiative\)](#) te ede pote ogmantasyon ane sa, ak sansibilizasyon ki vize pou enfòmasyon MWBE sou opòtinite ki enpòtan nan endistri yo ki gen yon fèb nivo itilizasyon. Atravè inisyativ sa, Eta a te idantifye plizyè milyon dola nan opòtinite kontra nan domèn tankou piblisite ak komèsyalizasyon, sèvis finansye yo, sèvis legal yo, sèvis teknoloji enfòmasyon yo, komodite jeneral yo, ak ekipman medikal yo.

## **Pwogram Sipò Teknik ak Kapital yo**

Pandan sesyon ouvèti Fowòm MWBE an, Alphonso B. David, ki se Konseye Gouvènè an, te mete aksan sou pwogram leta yo ki ankouraje MWBE yo pou vin sètifye tèt yo, epi pou ba yo sipò teknik ak finansye yo. Pwogram sa yo ba MWBE yo zouti ki nesèsè yo pou jwenn pi gwo kontra yo, pwomouvwa kreyasyon travay, rantre sou nouvo mache yo, epi ranfòse ekonomi nou an.

[Pwogram Prè Pon Pou Reyisit \(Bridge to Success Loan Program\)](#): Nan mwa Mas 2014 lan, Gouvènè Cuomo te lanse pwogram prè "Pon Pou Reyisit" lan pou investi omwen \$20 milyon dola pou elaji aksè a prè akoutèm pou pon yo pou MWBE ke Eta New York Sètifye yo. Objektif investisman leta yo se te pou bay MWBE ki kalifye yo sipò akoutèm ke yo bezwen yo pou ka jwenn aksè a jiska \$100 milyon dola nan kontra leta yo. De (2) lane e demi apre, nou deja depase objektif sa, ak 83 prè ki totalize plis pase \$13 milyon dola k'ap sipòte \$100,611,000 dola nan kontra pou MWBE Eta New York yo.

[Fon Investisman MWBE](#): An Me 2015, Gouvènè Cuomo te lanse yon Fon Investisman MWBE \$2 milyon dola pou sipòte inovasyon, kreyasyon travay, ak gwo kwasans antreprenarya atravè Eta a. Fon an pral ede pou fè vin pèmanan pwofi ke New York fè yo nan sipòte MWBE yo, epi pral kontinye ankouraje divèsite nan sektè prive a.

Jiska dat, Fon MWBE an te investi nan de (2) konpayi, yo toulède baze nan Rochester.

An Jiyè 2016, Fon an te investi \$250,000 dola nan Viggis Kids, ki koresponn ak \$410,000 dola nan kapital prive. Viggis Kids se yon nouvel mak pwodwi pou timoun yo ki enspire jwèt kreyatif ak eksplorasyon aktif pandan y'ap aprann. Pwodwi Viggis Kids yo fèt pou ede timoun yo aprann epi eksplòre mond lan, nan pwomouvwa konpòtman ki bon pou lasante, epi nan selebre kapris natirèl yo ki fè chak moun se yon endividi.

An Fevriye 2016, Fon an te envesti \$400,000 dola nan Splyce, Inc., ki koresponn ak \$515,000 dola nan kapital prive. Splyce se yon platfòm jwèt konpetitif sou entènèt k'ap devlope, ki pèmèt fanatik li yo gade, sipòte, angaje epi aprann sou ekip espò elektwonik pwofesyonèl yo.

[Pwogram Asistans Kosyònman Eta New York \(New York State Surety Bond Assistance Program\)](#): An Fevriye 2012, Gouvènè Cuomo te lanse Pwogram Asistans Kosyònman Eta New York lan, ki bay asistans teknik ak asistans finansye pou ede MWBE ak ti biznis yo sekirize lyezon kosyònman yo. Depi lè yo te lanse pwogram lan, gen plis pase 445 MWBE ki te gradye nan fòmasyon nivo preparasyon lyezon yo, epi te resevwa plis pase \$61 milyon dola nan otorite lyezon kosyònman yo kòm yon rezilta fòmasyon Eta New York lan, fasiliteasyon kredi yo, ak lyezon kosyònman sipò kolateral yo.

Pou kapab aprann plis sou kijan pou vin tounen yon MWBE ke Eta a Sètifye, vizite <http://www.ny.gov/MWBEcertification> oswa rele nan (212) 803-2414.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418